

**Kijan Pou Teste
Medikaman Ou yo**

**Itilize Bann Tès
Fentanil yo**

Poukisa mwen ta dwe teste medikaman mwen yo pou fentanil?

- Fentanil se yon opyoyid pwisan ki ogmante risk pou fè ovèdòz.
- Yo souvan jwenn fentanil nan ewoyin. Yo te jwenn li tou nan kokayin an poud ak krak, metanfetamin, ketamin, ak pilil ki soti nan sous ki pa medikal.
- Yo pa ka detekte fentanil nan rega, gou, sant ak touche.
- Lè ou konnen si medikaman ou planifye pou itilize yo gen fentanil sa ka diminye risk pou w fè ovèdòz.



Kisa bann tè s fentanil yo ye?

- Bann tè s yo ka di w si medikaman ou yo gen fentanil ladan yo men yo pa ka di w ki kantite fentanil ki genyen oswa ki fòs li.
- Bann tè s yo ka anpeche ovèdoz si ou itilize yo kòrèkteman ansanm ak lòt pratik pou rediksyon risk.




Kijan mwen ka teste medikaman mwen yo pou fentanil?

Gen twa (3) fason pou teste medikaman ou yo pou fentanil. Chwazi opsyon ki fonksyone pou ou a.

Etap 1: Chwazi opsyon pa w la.

Opsyon 1

- Fonn tout medikaman ou prevwa itilize yo nan dlo lè ou swiv enstriksyon sa yo nan **Etap 2**.
 - Sa a se fason ki pi kòrèk pou teste medikaman piske fentanil pa toujou byen melanje. Si ou pa kapab teste medikaman w yo konsa, eseye **Opsyon 2** oswa **3**.
 - Apre w fin teste medikaman w yo nan fason sa a, ou kapab bwè yo, rale yo nan nen w lè w itilize yon aparèy espre pou nen ki pwòp, oswa tann jiskaske dlo a evapore pou itilize yo.



Opsyon 2

- Byen kraze medikaman ou sou yon sifas ki pwòp.
- Mete medikaman ou kraze a nan yon ti sachè plastik epi sekwe li pou byen melanje li anndan sachè a.
- Vide sachè a epi mete medikaman ou yo sou kote. Yon ti kras rèz medikaman dwe rete nan sachè a.
- Ajoute dlo nan sachè a lè ou swiv enstriksyon sa yo nan **Etap 2**.




Opsyon 3

- Mete 10 miligram (mg) medikaman ou yo (ase pou kouvri cheve Abraham Lincoln yo sou yon santim) nan yon veso pwòp ki sèch.
- Si ou pa kapab teste 10 mg nan medikaman ou yo, mete pou piti kèk grenn nan yon veso pwòp ki sèch.
- Ajoute dlo nan veso a lè ou swiv enstriksyon sa yo nan **Etap 2**.




Etap 2: Ajoute dlo.

- Ajoute dlo nan medikaman ou yo epi melanje yo.
 - Pou chak dòz 10 mg medikaman, ajoute 1 ti kiyè, ki egal a 5 mililit (ml), dlo.
 - Si w ap teste rès la nan yon sachè plastik jan sa endike nan Opsyon 2 a, itilize 1 ti kiyè oswa 5 ml dlo, kòm si te gen 10 mg medikaman nan sachè a.



Etap 3: Itilize bann tès la.

- Mete bann tès la ak pati ki plise a nan dlo a. Pa plonje bann tès la nan dlo pou depase liy ki gen fòm vag yo.
- Kite bann tès la absòbe dlo a pandan 15 segonn.
- Retire bann tès la nan dlo a epi mete l sou yon sifas ki plat pandan de (2) minit.
- Li rezilta yo.



Konsèy pou teste medikaman ou yo:

- Pa itilize bann tè s yo plis pase yon fwa.
- Kraze konprime ak tablèt yo byen fen, ajoute dlo nan poud la epi melanje l konplètman. Si ou pa vle teste tout konprime a, fann li an de epi teste yon pòsyon nan mitan an.

Kisa rezilta tè s yo vle di?



- **Tès pozitiv:** Nou te detekte fentanil oswa yon opyoyid sentetik sanblab nan medikaman ou yo. Si ou pa gen entansyon itilize fentanil oswa opyoyid, evite itilize medikaman yo, oswa gade seksyon “Ki lòt bagay mwen ka fè pou diminye risk pou mwen fè yon ovèdoz?” nan do bwochi sa a.



- **Tès negatif:** Nou pa t detekte fentanil oswa yon opyoyid sanblab nan medikaman ou yo. Sonje, pa gen okenn tè s ki egzat a 100% epi medikaman ou yo ka toujou gen ladan yo fentanil oswa yon opyoyid sentetik sanblab.



- **Tès envalid:** Yon sèl liy sou bò dwat la oswa pa gen okenn liy ki endike ke tè s la envalid. Si sa posib, teste medikaman w yo ankò lè w itilize yon nouvo bann tè s.

Ki lòt bagay mwen ka fè pou diminye risk pou mwen fè yon ovèdoz?

- Itilize medikaman yo ak lòt moun epi itilize yo yon moun apre lòt.
- Pran naloxone, yon medikaman ki san danje epi fasil pou itilize ki ka envèse efè yon ovèdoz opyoyid. Rele **311** pou jwenn ki kote pou jwenn naloxone gratis.
- Anvan ou itilize medikaman, mande yon moun ou fè konfyans tcheke sou ou regilyèman.
- Ale dousman nan pran ti kantite.
- Evite melanje medikaman.



Pou jwenn plis enfòmasyon, eskane kòd QR la oswa vizite nyc.gov/fentanyl.